

# TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XVI – 19 JULI 2020

Gedung Induk Papringan, jam 06.30 WIB

Pepanthen Nologaten, jam 08.30 WIB

1. **Pacawisan: Imam Pandonga ing Konsistori**
2. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, Sadherek kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus. Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh lan sugeng nindakaken pangibadah minggu punika. Kasarasan lan kawilujengan mugè tansah rumentah wonten ing panjenengan sadaya, tinebihna saking nir sambikala. Saderengipun pangibadah kawiwitan, kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos greja, Minggu, 19 Juli 2020, ingkang mekaten suraosipun: **(Maosaken Pawartos Pasamuwan)**. Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos online kagem pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten dalem, utawi lumantar selebaran ingkang sampun kacawisaken ing ngajeng greja.  
Pasamuwan kinasih, sumangga kanthi bingahing manah kita sami murwakani pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 28: pada 1 “Suci, Suci, Suci”...Pasamuwan katuran jumeneng**

Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.  
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.  
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi  
titah sadaya memuji samnya.

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan** : *(Pasamuwan Jumeneng)*  
**Pendeta** : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :  
**Sadaya** : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**  
**Pendeta** : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan anak-anak sadaya.  
**Pasamuwan** : **Mekaten ugi ing panjenengan.**  
**Sadaya** : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**Amin Amin Amin**  
*(Liturgos : Pasamuwan kula aturi lenggah)*
4. **Lektor** : **Waosan Sabda Introitus : Yesaya 44 : 6 – 8** *(Pasamuwan Lenggah)*  
**Lektor** : “Mekaten sabdanipun Gusti”  
**Jemaah** : “Puji sokur konjuk Gusti”
5. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, Pangeran Yehuwah punika ingkang kawitan lan ingkang wekasan, kita umatipun sampun samestinipun dados pasesksi wontenipun sadaya kala wau. Pramila sumangga kita sami puji konjuk Asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 71 : pada 1 “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”**

Duk nyipati gung pakaryaning Gusti  
lintang abyor ing dalu kang sepi,  
wah gumleger ing gludhug ing akasa,  
kula ngungun gunging kamulyanta.

Nyawa kula gya sumyak sung puja,  
yekti Allah mahakwasa.  
Nyawa kula gya sumyak sung puja,  
yekti Allah mahakwasa.

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan : Yokanan 13 : 34 – 35**

7. **Imam : Pangakening Dosa**

**Imam :** “Gusti sampun paring pepakon anyar tumrap kita sadaya, supados kita sami tresnan-tinresnanan, kadosdene Gusti sampun tresna dhumateng kita sadaya. Namung punapa kita sampun saged mujudaken sadaya punika, satemah saben tiyang sami pirsas, menawi kita muridipun Gusti. Kita punika ringkih, cubluk, lan kebak ing dosa, awit mboten saged nyembadani kanthi sae punapa ingkang sampun dipun dhawuhaken Gusti, pramila kanthi andhap asor kita nyawisaken pamratobat kita. Kita cawisaken lumantar repening **Kidung Pasamuwan Jawi 117 “Kala Kula Dhawah”**

Kala kula dhawah lan tanpa daya,  
nyawa kula kapetek, kasiksa.  
Kula tansah nyuwun tulung mring Gusti,  
karsa rawuh, mrih amitulungi.

Kula tansah kaangkat maring arga,  
kula kwawi anempuh prahara;  
wah kiyat, wit sinanggi swiwinya,  
anglangkungi budidaya kula.

8. **Imam : Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:**

“Dhuh Rama ingkang kasuwargan, kawula sowan wonten ing ngarsa Paduka kanthi cubluking manah, awit kawula mboten saged mujudaken punapa ingkang dados karsa Paduka, sinaosa punika mboten awrat, namung kawula tansah nglirowakaken dhawuh Paduka supados dados murid Paduka kanthi tresnan-tinresnanan dhumateng sesami. Pramila dhuh Gusti, kawula nyuwun gunging Sih kawelasan Paduka, awit dosa-dosa kawula. Pamratobat kawula punika kawula unjukaken wonten ing ngarsa Paduka lumantar Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng ingkang sejatos. Amin.”

9. **Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Rum 3 : 23 - 24**

10. **Pendeta : Sabda Pangatag-atag Gesang Anyar : II Timotius 2 : 1 - 4**

11. **Liturgos :** “Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yesus, Gusti Allah punika kebak ing sih-rahmat, pramila sumangga minangka umatipun kita kedah ndherek nandang sangsara kados prajuritipun Sang Kristus, ingkang nalika berjuang, mboten mraduli prekawis-prekawis ingkang gegayutan kaliyan panggesanganipun. Sumangga kita sanggemi punapa ingkang dados dhawuhipun kanthi suka rena ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 448: pada 1 lan 2 “Pra Prajurit Gusti”.....Pasamuwan kula aturi jumeneng:**

(1) Pra prajurit e Gusti kang samnya di nuta,  
aywa padha suwala nyebar kabar adya,  
ye ku kabar sih rahmat tedhak saka swarga  
Kang sinungken pra umat pinurih pracaya.

Refr: Payo, maju, ja giris atimu,  
marga Gusti nganthi salakumu!  
Payo, maju, undhangna samangkya,  
murih kang mblasar, nggetuni, mratobat agya.

(2) Sajroning prang, sabukan kayekten, ja lali, kaadilan dadia kere mitayani.  
Trumpahmu cumadhanga Injiling raharja, denundhangna warata saindhenging donya.....Refr:

12. **WEDHARING SABDANIPUN GUSTI:**

(Pasamuwan Lenggah)

**Pendeta : Maosaken : MATEUS 13 : 24 - 30, 36 - 43**

**Pendeta : “Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”**

**Psmwn : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |  
Hale-luya Hale-luya Hale - lu - ya**

